



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

***Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman***

***Yo te rapòte 24 lanmò nan tout eta a nan 25 oktòb***

***Gade sekans segondè Gouvènè Hochul k ap resevwa vaksen kont grip la [isit la](#) epi foto yo [isit la](#).***

Gouvènè Kathy Hochul te resevwa vaksen kont grip li a jodi epi li bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19 ak plan pou pwoteje kont pwopagasyon enfeksyon viris respiratwa ki vin pi komen nan sezon otòn ak sezon ivè yo.

"Pandan move tan an ap vini pi frèt epi enfeksyon viris respiratwa yo vin pi dominan, mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi pou yo sèvi ak zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Asire ou rete ajou nan dòz vaksen yo, epi fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Gouvènè Hochul te [anonse](#) semèn pase a ke timoun ki gen laj 5 ane oswa plis ka kounye a resevwa vaksen dòz rapèl bivalan yo rekòmande pou ogmante pwoteksyon kont COVID-19. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a te mete ajou direktiv li yo apre Administrasyon Manje ak Medikaman nan Etazini (U.S. Food and Drug Administration) te amande otorizasyon pou sèvi ak ijans li an ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) te mete ajou direktiv klinik li yo, ki ansanm pral pèmèt plis timoun ranfòse iminite yo kont COVID-19 la san danje.

Gouvènè a kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran vaksen kont grip anyèl pa yo pandan [sezon grip la deja pwopaje](#) nan tout Eta New York. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje an menm tan kounye a, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a te anonse dènyèman lansman [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa oswa plis. Piblisite yo, ki difize nan lang angle ak espanyòl, te kòmanse difize lendi 10 oktòb la.

Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite [vaccines.gov/find-vaccines/](https://www.vaccines.gov/find-vaccines/).

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

1. **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun** - 22.46
2. **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou** - 19.06
3. **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 76,876
4. **Total Pozitif** - 4,390
5. **Pousantaj Pozitif** - 4.93%\*\*
6. **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 5.57%\*\*
7. **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 2,856 (-18)
8. **Kantite Pasyan ki Fèk Entène** - 488
9. **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 287 (-29)
10. **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon** - 119 (-7)
11. **Total Egzeyat** - 354,882 (+450)
12. **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 24
13. **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 58,676

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

**Nòt Enpòtan:** Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tès ki itilize antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tès PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan

chanjman nan pratik tès yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi ki konpile se - 74,885**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

<b>REJYON</b>	<b>Dimanch 23 oktòb 2022</b>	<b>Lendi 24 oktòb 2022</b>	<b>Madi 25 oktòb 2022</b>
Capital Region	16.16	16.20	15.91
Central New York	17.11	16.99	16.23
Finger Lakes	14.14	14.06	14.04
Long Island	22.06	21.81	22.11
Mid-Hudson	18.49	18.64	18.09
Mohawk Valley	17.66	17.40	16.93
New York City	19.85	20.00	20.54
North Country	17.15	16.30	16.54
Southern Tier	18.21	18.30	18.44
Western New York	15.66	15.98	15.73
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>18.88</b>	<b>18.92</b>	<b>19.06</b>

Pousantaj rezilta tès pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa\*\*:

<b>Rejyon</b>	<b>Dimanch 23 oktòb 2022</b>	<b>Lendi 24 oktòb 2022</b>	<b>Madi 25 oktòb 2022</b>
Capital Region	8.12%	8.01%	7.87%
Central New York	7.45%	7.60%	7.27%
Finger Lakes	6.48%	6.66%	6.59%
Long Island	6.18%	6.05%	6.12%
Mid-Hudson	5.85%	5.87%	5.06%
Mohawk Valley	8.54%	8.43%	8.15%
New York City	4.80%	4.82%	4.64%
North Country	8.41%	8.02%	7.94%
Southern Tier	7.41%	7.48%	7.28%

Western New York	9.75%	10.09%	10.08%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>5.81%</b>	<b>5.82%</b>	<b>5.57%</b>

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tè la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati \*\*:

<b>Minisipalite nan NYC</b>	<b>Dimanch 23 oktòb 2022</b>	<b>Lendi 24 oktòb 2022</b>	<b>Madi 25 oktòb 2022</b>
Bronx	5.29%	5.24%	5.25%
Kings	3.69%	3.76%	3.38%
New York	5.03%	5.19%	5.36%
Queens	5.87%	5.77%	5.86%
Richmond	5.64%	5.38%	5.04%

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tè la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Yè, te gen 4,390 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 6,143,834. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	74,417	71
Allegany	10,291	3
Broome	55,436	50
Cattaraugus	18,450	17
Cayuga	19,406	13
Chautauqua	28,120	22
Chemung	25,251	31
Chenango	11,217	7
Clinton	21,220	17
Columbia	12,894	9
Cortland	12,678	2
Delaware	9,559	7
Dutchess	78,548	61
Erie	256,111	178
Essex	7,218	9
Franklin	11,551	10
Fulton	15,722	12

Genesee	15,840	11
Greene	10,283	9
Hamilton	1,028	-
Herkimer	16,679	12
Jefferson	25,156	24
Lewis	7,020	6
Livingston	13,701	6
Madison	16,055	9
Monroe	181,985	107
Montgomery	14,315	12
Nassau	505,626	439
Niagara	56,905	52
NYC	2,852,241	2,053
Oneida	65,706	45
Onondaga	136,379	72
Ontario	24,609	19
Orange	129,092	88
Orleans	10,039	8
Oswego	32,885	22
Otsego	12,587	5
Putnam	29,186	14
Rensselaer	39,608	38
Rockland	110,391	71
Saratoga	58,233	29
Schenectady	41,330	40
Schoharie	6,221	6
Schuyler	4,158	4
Seneca	7,212	6
St. Lawrence	25,286	18
Steuben	24,020	17
Suffolk	523,395	335
Sullivan	22,742	23
Tioga	13,311	17
Tompkins	25,152	21
Ulster	40,018	36
Warren	17,710	21
Washington	14,848	12
Wayne	20,722	7
Westchester	310,249	144
Wyoming	9,590	8
Yates	4,232	5

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) yo admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	172	103	59.90%	69	40.10%
Central New York	100	61	61.00%	39	39.00%
Finger Lakes	328	86	26.20%	242	73.80%
Long Island	484	211	43.60%	273	56.40%
Mid-Hudson	276	104	37.70%	172	62.30%
Mohawk Valley	72	43	59.70%	29	40.30%
New York City	1,063	425	40.00%	638	60.00%
North Country	80	44	55.00%	36	45.00%
Southern Tier	113	52	46.00%	61	54.00%
Western New York	168	82	48.80%	86	51.20%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>2,856</b>	<b>1,211</b>	<b>42.40%</b>	<b>1,645</b>	<b>57.60%</b>

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: [Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](https://www.ny.gov/newsroom/done-varyant-covid-19).

Nan vandredi 21 oktòb, te gen 22 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 58,578. Yon repatisyon jewografik se konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Albany	2
Bronx	1
Columbia	1
Dutchess	1
Herkimer	1
Monroe	1
Nassau	3
New York	2
Oneida	1
Onondaga	1
Queens	3
Richmond	3
Rockland	1
Schenectady	1
Suffolk	1
Westchester	1
Montan Total	24

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418